



Limit Revni Maksimòm * ak Maksimòm Finans Admisib

KANTITE MOUN NAN FANMI AN	<=50% TRÈ BA	50.01% - 80% BA	80.01% - 100% MWAYÈN	100.01% - 120% MODERE	120.01% - 140% MODERE/ MWAYÈN
1	24,850	39,800	49,700	59,640	69,580
2	28,400	45,450	56,800	68,160	79,520
3	31,950	51,150	63,900	76,680	89,460
4	35,500	56,800	71,000	85,200	99,400
5	38,350	61,350	76,700	92,040	107,380
6	41,200	65,900	82,400	98,880	115,360
7	44,050	70,450	88,100	105,720	123,340
8	46,900	75,000	93,800	112,560	131,320

*Limit Revni yo se pou dosye ki te resevwa apati 28 mas 2016. Yo sijè a chanje detanzantan ak revizyon U.S. HUD yo.

(Dat revizyon HUD ak FHFC yo se 6 mas 2016 ak 28 mas 2016 respektivman).

** Pou acha FHA yo, tanpri konsilte direktiv aktyèl yo an pou enfòmasyon sou limit revni aplikab yo.

- **Pri Dacha Maksimòm lan pa ka depase limit FHA etabli aktyèlman pou Konte Miami-Dade** (\$271,050 dapre limit ipotèk pou Ane Kalandriye 2016 la nan Florid).
- **Maksimòm CLTV (Prè-a-Valè Konbine) a se 105%. Pa gen limit LTV.**

Asistans Admisib

(modifye apati 1^e avril 2016)

Pou Fwaye ki nan oswa ki anba 80% revni medyàn ajiste anvan taks pou Konte Miami-Dade (gade tablo anwo an) – Asistans maksimòm lan se swa 10.00% pri dacha pwopriyete a oswa \$7,250.00 selon sa ki pi piti a.

Pou fwaye ki depase 80% revni medyàn ajiste anvan taks pou Konte Miami-Dade (gade tablo pi wo an): Asistans maksimòm lan se swa 4.00% pri dacha pwopriyete a oswa \$4,750.00 selon sa ki pi piti a.

Asistans HAP bay la baze sou disponibilite fon yo pou moun ki nan nesosite avèk limitasyon ki kapab chanje. Aktyèlman, fon yo enkli yon peman \$250 pou sesyon konsèy moun k ap achete kay. HAP fè chèk yo sou non ajan an k ap fè kontra ipotèk la. Fon sila ka itilize sèlman pou peye depozit ak/oswa frè kontra ipotèk (klozin) **MOUN K'AP MANDE PRETE LAJAN YO PA GENDWA RESEVWA LAJAN KE OKENN AJAN TOUNEN BA YO LÈ KONTRA A AP SIYEN NAN OKENN SIKONSTANS.**

Kondisyon Pou Moun Kap Mande Prete Lajan yo

Moun k'ap achete yo ke revni fwaye li pa depase 100% Revni Medyàn Miami-Dade, ajiste pou kantite moun ki nan fanmi an (AGI) dwe envesti yon minimòm 1% pri dacha a nan pwòp lajan li nan tranzaksyon

sa-a. Moun k ap achte yo ke revni fwaye yo de 100.01%, men ki pa depase 140% (ajiste pou kantite moun nan fanmi an) dwe envesti yon minimòm 3% pri dacha a sot nan pwòp lajan pa li nan tranzaksyon sa-a. Moun k'ap achte yo ke revni fwaye yo ajiste anvan taks ki depase 140% pa elijib pou finansman HAP.

Elijibilite Pwopriyete ak Finansman

Pwopriyete elijib yo enkli SÈLMAN kay detache yo, kay kole yo (town house) oswa kondominyòm yo. Pwopriyete yo gen dwa se kay nèf oswa kay ki la deja epi yo fèt pou sitiye andedan **Konte Miami-Dade**. Okenn prè ipotèk FHA 203(k) pap elijib nan pwogram sa-a koulyeya. Pwogram lan asepte achete kay ke labank, kòporasyon REO ak FHA te sezi ak posede toudepan de sitiyaasyon an. Pwopriyete a fèt pou nan kondisyon abitab imedyatman. Moun k'ap prete a fèt pou aplike pou ak resevwa yon prè ipotèk konvansyonèl, VA owsa FHA 203 (b)/234 a yon to denterè fiks nan men yon ajan prè ipotèk ke HAP apwouve. Pwogram lan pap otorize prè ipotèk ke moun kap vann kay la kenbe ni prè ipotèk ke ansyen mèt kay la genyen sou kay la ke moun k'ap achte-a ap tou kenbe (*loan assumptions*).

